

LEGENDHA KYAI AGENG MOHAMMAD BESARI ING DESA TEGALSARI
KECAMATAN JETIS KABUPATEN PONOROGO
(Tintingan Folklor)

YUNIAR RISKA WIDYARINI
PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA

Abstrak

Masyarakat Jawa nduweni tradhisi dhewe-dhewe, mula saka kuwi tradhisi Jawa ana maneka warna. Saliyane tradhisi-tradhisi iku sajrone masyarakat uga ana petilasan-petilasan. Petilasan kang ana ing masyarakat Jawa biyasane ana gegayutane karo kedadean-kedadean tartamtu kang kagambar sajrone sastra lisan, kang nganti saiki ana ing dhaerah-dhaerah. Sastra lisan iki perangan saka folklor minangka saperangan warisan kabudayan dhaerah kang sumebar kanthi cara turun-temurun. Umume warisan kabudayan kasebut nduweni piguna-piguna. Panliten iki bakal ngrembug Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo kanthi tintingan floklor.

Adhedhasar andharan ing dhuwur nuwuhake pitakonan, yaiku (1) Kapriye wujude legendha Kyai Ageng Muhammad Besari ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo, (2) Kapriye fungsi sosiale legendha Kyai Ageng Mohammad Besari ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo?, (3) Kepriye kalungguhane legendha Kyai Ageng Mohammad Besari tumrap masyarakat ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo?

Tujuwan panliten iki, yaiku (1) ngandharake wujud “legendha Kyai Ageng Mohammad Besari”, (2) nemokake lan ngandharake pigunane crita “legendha Kyai Ageng Mohammad Besari”, lan (3) ngandharake kalungguhane “legendha Kyai Ageng Mohammad Besari” ing masyarakat panyengkuyung.

Paedah saka panliten iki, yaiku (1) panliten iki bisa nambahi kawruh lan pengalaman kanggo nliti ing babagan sastra lisan, (2)panliten iki bisa menehi katrangan ngenani crita legendha Kyai Ageng Mohammad Besari ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo kanggo masyarakat panyengkuyunge, (3) bisa kanggo nambahi referensi marang panliti sing nduweni kawigaten marang sastra lisan ing Kabupaten Ponorogo.

Kanggo nganalisis perkara ing panliten iki perlu anane konsep lan teori. Konsep lan teori kang digunakake kanggo nganalisis ngenani wujud legendha Kyai Ageng Mohammad Besari, yaiku nggunakake konsep folklor kang diandharake dening Danandjaja. Kanggo nganalisis pigunane nggunakake konsepe Allan Dundes lan kanggo mangerteni kalungguhane legendha Kyai Ageng Mohammad Besari nganggo teori reseptif miturut Ratna.

Panliten ngenani Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo iki kalebu panliten kualitatif kang asipat deskriptif kanthi tintingan folklor. Sumber data panliten yaiku para informan kang dibedakake dadi informan kunci, lan informan tambahan, data kuesioner, dene data panliten awujud rerangken crita asil saka wawancara marang para informan. Metode kang digunakake kanggo nglumpukake data, yaiku observasi, wawancara, rekaman, ngamati lan nyathet, dhokumentasi, banjur transkrip data. Tata cara kanggo ngolah data ana telung ambalan kang ditindakake, yaiku (1) open coding, (2) axial coding, (3) selective coding.

Adhedhasar asiling panliten bisa kababar ngenani wujud legendha Kyai Ageng Mohammad Besari kang luwih cetha. Wujud crita dijupuk saka informan kunci kang digabungake banjur direkonstruksi. Saliyane kuwi uga bisa mangerteni fungsi sajroning Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari kanthi nggunakake pamawase Allan Dundes kang ana enem, nanging ora kabeh selaras karo kanyatan kang ana ing masyarakat Tegalsari. Mula saka kuwi ana modifikasi fungsi marang fungsi-fungsi miturut pamawase Allan Dundes kasebut. Fungsi legendha Kyai Ageng Mohammad Besari kasebut, yaiku (1) sarana panggulawenthah marang wong nom, (2) ningkatake rasa solodoritas sosial, (3) sarana kritik sosial, (4) sarana hiburan, (5) nggolek katentremane batin, (6) kanggo ngibadah lan ndedongo, (7) kanggo sarana nguri-uri kabudayan.

Banjur kang pungkasan mangerteni kalungguhan legendha Kyai Ageng Mohammad Besari ing masyarakat Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo. Kalungguhan kasebut dideleng saka masyarakat kang percaya lan kang ora percaya. Miturut asil angket masyarakat kang percaya ana 87 % dene sing ora percaya 13%. Kaya kang kababar ing dhuwur andharan asiling panliten babagan legendha Kyai Ageng Mohammad Besari bisa ngasilake dudut

PURWAKA

Kabudayan yaiku salah sawijine ciri pribadhine manungsa lan ing sajrone ngandhut norma-norma, nilai-nilai kang perlu diduweni lan dimangertenin dening manungsa utawa masyarakat kang ana. Sajrone masyarakat Jawa ana budaya Jawa lan budaya lokal. Kabudayan lokal yaiku kabudayan kang urip lan ngrembaka, diduweni lan diakoni dening kumpulan masyarakat tartamtu ing sawijining dhaerah. Dene, budaya Jawa yaiku budaya kang lair lan kang ngrembaka ing dhaerah Jawa. Kabudayan Jawa iku nduweni nilai kang dhuwur lan luhur, tegese yaiku ngandhut maneka warna tradhisi, adat istiadat, lan basa kang isih murni Jawa.

Masyarakat Jawa nduweni tradhisi dheweh-dhewe, mula saka kuwi tradhisi Jawa ana maneka warna. Saliyane tradhisi-tradhisi iku sajrone masyarakat uga ana petilasan-petilasan. Petilasan kang ana ing masyarakat Jawa biyasane ana gegayutan karo kedadean-kedadean tartamtu kang kagambar sajrone sastra lisan, kang nganti saiki ana ing dhaerah-dhaerah (Widayati, 1992: 9).

Sastra lisan saliyane nduweni tetenger *kelisanan* uga nduweni tetenger *ketradision*. Floklor minangka crita rakyat lan perangan saka sastra lisan. Adhedhasar wujud reriptane karya sastra lisan yaiku awujud drama, puisi, lan bentuk crita. Jinise saka sastra lisan yaiku jinis epik, jinis legendha, jinis mitos lan jinis crita biasa kayata jenis fabel, crita panglipur lara, legendha lan dongeng (Widayati, 1992: 5).

Miturut Hutomo (1991:1) sastra lisan yaiku kasusastran kang ngandhut ekspresi kasusastran warga salah sawijine kabudayan kang disebarake kanthi lisan. Anane sastra lisan iku gumantung saka penuture, amarga iku sastra lisan angel anggone nglestarekake. Saben dhaerah ing Indonesia mesthi nduwei sastra lisan, nanging nganti saiki durung akeh sing dimangertenin dening masyarakat, kayata kang ana ing Kabupaten Ponorogo

Sastra lisan iku bisa didadekake salah sawijine idhentitas dhaerah. Kang kalebu sastra lisan ing Kabupaten Ponorogo salah sijine yaiku legendha ngenani Kyai Ageng Mohammad Besari utawa bisa dicekak kanthi cekakan KAMB. Crita ngenani KAMB iki ora bisa uwal saka anane mesjid Tegalsari kang dibangun ing abad 18. KAMB gesang ing taun 1742, jaman pemerintahane Pakubuwana II. Panggonan mesjid iki saiki dadi salah sawijining tujuwan wisata religius kang ana ing Kabupaten Ponorogo. Mesjid Tegalsari dadi cikal bakal pangrembakane agama Islam kang ana ing wilayah Kabupaten Ponorogo.

Panliti milih legendha KAMB ing Kabupaten Ponorogo tinimbang legendha liyané amarga legendha ngenani KAMB iki nduweni nilai

sejarah kang onjo, misuwur, lan menehi piwulang kang becik lan falsafah urip. Saliyane iku crita kasebut disenengi dening masyarakat lan akeh masyarakat Ponorogo kang percaya marang legendha kasebut, amarga bisa didadekake patuladhan. Panjenengane minangka pawongan kang nyebarake agama Islam ing tlatah Ponorogo kang nganti saiki dadi agama *majoritas* masyarakat Ponorogo lan sangertine panliti durung ana kang neliti ngenani legendha Kyai Ageng Mohammad Besari kasebut

Wujud crita, fungsi lan kalungguhane legendha kasebut isih diugemi dening masyarakat ing Desa Tegalsari, Kecamatan Jetis, Kabupaten Ponorogo. Mula saka kuwi, panliti bakal ngandharake lan ndheskripsi ke kanthi *objektif* fungsi-fungsi lan kalungguhane legendha kasebut sajrone masyarakat. Kanthi mangkono, crita rakyat kang diwarisake bisa tetep lestari lan ngrembaka ing masyarakat, lan uga bisa menehi piwulangan kang becik tumrap masyarakat ing jaman saiki.

Pamilihe judul *Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo kanthi Tintungan Folklor* amarga bisa kango nguri-nguri kabudayan Jawa kang wujud crita rakyat kanggo ningkatake rasa nasionalisme minangka idhentitas *kebanggaan* dhaerah, uga kango sarana panggulawenthah. Kanthi nindakake panliten iki bisa dadi sarana nguri-nguri kabudayan Jawa supaya ora musprå kagerus crita manca kang tansah disenengi para generasi mudha. Saliyane iku, anane legendha ngenani KAMB nganti saiki isih dipercaya dening masyarakat Ponorogo.

Gegayutan karo andharan mau underaning panliten iki, yaiku (1) Kapriye wujude legendha KAMB ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo? (2) KApriye fungsi sosiale legendha KAMB ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo? (3) Kapriye kalungguhane legendha KAMB Besari tumrap masyarakat ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo?

Adhedhasar underaning panliten kasebut kadudut ancasing panliten, yaiku (1) Ngandharake wujude legendha KAMB ing Kabupaten Ponorogo, (2) Ngandharake fungsion sosial ngenani legendha KAMB tumrap masyarakat ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo, (3) Ngandharake kalungguhane legendha KAMB tumrap masyarakat ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo.

Panliten iki diajab bisa menehi paedah, dene paedahe, yaiku supaya bisa mangertenin (1) wujude legendha KAMB, (2) fungsi sosial legendha KAMB, lan (3) kalungguhane legendha KAMB. Saliyane kuwi uga bisa digunakake kanggo rujukan lan bahan kapustakan tumrap para panliti sawise panliten iki,

kang nindakake panliten ngenani legendha-legenda kang ana ing dhaerah Jawa sisih wetan. Uga bisa menehi wawasan ningkatake kualitas panyinaonan ngenani sastra lisan tumrap para pamaos lan masyarakat Kabupaten Ponorogo.

TINTINGAN KAPUSTAKAN

Masyarakat lan Kabudayan Jawa

Istilah masyarakat wiwitane saka basa Latin *society* kang ateges batur, dene ing basa arab ana tembung *syaraka* kang ateges melu-melu utawa ana partisipasi. Masyarakat minangka sagrumbulan manungsa kang padha srawung lan *interaksi*. Manungsa kasebut nduweni rasa nyawiji lan prasarana kang digunakake dening para warga kanggo srawung (Koentjaraningrat,2009:116). Dadi masyarakat Jawa yaiku sagrumbulan manungsa Jawa kang padha srawung lan *interaksi* kang nduweni budaya Jawa kang luhur uga ngugemi lan ngleluri kabudayan Jawa.

Miturut Koentjaraningrat (2009:144), kabudayan iku minangka sakabehe system gagasan, tumindak, lan asil karya manungsa ing sajroning urip bebrayan kang didadekake kaduwекane manungsa kanthi cara sinai. Sajrone urip bebrayan, masyarakat Jawa bisa nyipta, rasa lan karsa sing awujud kabudayan.

Miturut Koentjaraningrat (1984: 25-29)Dhaerah kabudayan Jawa diperang dadi lima yaiku kabudayan Negarigung, kabudayan Banyumas, kabudayan Pesisir, Kabudayan Mancanagari, kabudayan Sabrang. Kabudayan Negarigung yaiku kabudayan kang dhaerahe awujud dhaerah-dhaerah kraton, kabudayan Banyumas yaiku perangan sisih kulon kabudayan Jawa, kabudayan pesisir yaiku Indramayu, Cirebon sisih kulon nganti Gresik sisih wetan, kabudayan Mancanagari yaiku Madiun, Kediri lan sacredhake kali Brantas, kabudayan sabrang yaiku kabudayan sisih wetane dhaerah Mancanegari.

Sastra Lisan

Miturut wujude, sastra diperang dadi loro yaiku, sastra lisan lan sastra tulis. Miturut Hutomo (1991:1) sastra lisan yaiku kasusastran kang ngandhut ekspresi kasusastran warga salah sawijine kabudayan kang disebarake kanthi lisan.

Tetengere sastra lisan, yaiku (1) panyebare kanthi lisan, maksude yaiku *ekspresi* budaya kang disebarake, saka segi wektu lan panggonan kanthi langsung utawa kanthi lisan, (2) sastra lisan lair saka masyarakat desa, masyarakat kutha, lan masyarakat kang durung ngenal aksara, (3) nggambarkerake ngenani tetengere budaya masyarakat, (4) ora dimangertenin sapa pangriptane lan mula saka kuwi sastra lisan dadi duweke masyarakat, (5) nduweni corak *puitis*, teratur, maksudte yaiku kanggo gampangake ngeling-eling lan kanggo njaga keasliane sastra lisan supaya ora gampang owah, (6) ora mentingake *fakta* lan kasunyatan, luwih nengenake aspek *khayalan* utawa *fantasi*, (7) kaperang dadi maneka versi, (8) basane nggunakake

gaya basa lisan saben dinan utawa nggunakake dhialek (Hutomo, 1991: 3-4).

Miturut Hutomo (1991: 4) masyarakat sing bisa nyritakake sastra lisan bisa diperang dadi loro, yaiku (1) sastra lisan sing nduwe nilai sastra (sajeroné karya sastra kinandhut nilai estetik lan kaendahan), lan (2) sastra lisan sing ora nduweni nilai sastra. Jinis sastra lisan kasebut ora padha. Bedane yaiku jinis sing kapisan iku umume dicritakake dening pawongan kang wis *profesional* kayata: dhalang wayang, dhalang kentrun, panglipur jiwa (Melayu), lan sapanunggalane. Jinis kang kapindho dicritakake dening masyarakat biyasa utawa masyarakat kang bisa nyritakake babagan crita sejarah.

Teori Resepsi Sastra

Sacara definitif resepsi sastra asale saka tembung Latin *recipere* lan tembung Inggris *reception* kang tegese minangka cara kango menehi makna marang karya sastra saengga bisa menehi *respon* marang karya kasebut. Respon kang dimaksud ora ditindakake antarane karya sastra lan pamaos, nanging pamaos minangka proses sejarah, pamaos sajrone periode tartamtu. Kanthi anane gayutane pamaos sajrone karya sastra, mula hakekat *multikultural* bisa dimangertenin kanthi *maksimal* (Ratna, 2004: 162).

Miturut pamawase Ratna (2004: 163-172) resepsi sastra kang diandharake sajrone teori kontemporer ora winates minangka reaksi wae, nanging wis ana penafsiran kang luwih rinci. Sajrone panliten resepsi dibedakake dadi loro, yaiku (1) resepsi kanthi cara sinkronis yaiku resepsi kang nliti karya sastra kang ana sesambungan karo pamaos ing jaman tartamtu, lan (2) resepsi kanthi cara diakronis yaiku resepsi kang luwih angel amarga nggayutake pamaos ing jaman biyen nganti saiki.

Konsep Folklor

Kanthal etimologis tembung folklor ing basa Indonesia yaiku folklor kang dumadi saka tembung loro yaiku *folk* lan *lore*. Tembung *folk* tegese saperangan manungsa kang nduweni pratandha fisik, sosial lan kabudayan. Mula bisa dibedakake saka perangan siji lan sijine. Tembung *lore* nduweni teges yaiku saperangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun-temurun kanthi sarana lesan utawa tulisan.

Danandjaja (1984:1-2) njlentrehake yen folklor nduweni teges saperangan kabudayan kolektif kang sumebar lan diwarisake turun-temurun kanthi cara tradhisional kanthi versi kang beda kaya dene lesan utawa gerak isyarat utawa kanggo mbiyantu pangeling-eling.

Miturut Danandjaja (1984: 3-4) ngandharake yen bedane folklor karo kabudayan liyane, yaiku (1) sumebar kanthi cara lisan, (2) folklor asipat tradhisional, (3) folklor ana versi lan varian kang beda-beda, (4) folklor asipat anonim yaiku ora diweduhi sapa pangriptane, (5) folklor nduweni wujud berpol, (6) folklor nduweni paedah ing

panguripane wong akeh lan kolektif, (7) folklor asipat pralogis, yaiku nduweni logika dhewe kang ora padha marang logika liyane, (8) folklor dadi duweke masyarakat kang ana ing dhaerah tartamtu, lan (9) folklor umume asipat polos lan lugu.

Miturut Bruvand (sajrone Danandjaja, 1984: 21-22) wujud folklor ana telu, yaiku (1) folklore lesan (*manifest*), yaiku folklor kang wujude nyata lesan. Folklor kang kalebu ing perangan iki, antarane, yaiku penyaru tradhisional kayata pasemon, lelagon rakyat, guritan rakyat (guritan, *syair*, parikan, lan *gurindam*), pitakunan tradhisional (cangkriman), lan crita rakyat (dongeng, legendha). (2) folklor setengah lesan (*sosiofact*), yaiku folklor kang wujude saka campuran unsur lesan lan ora lesan, kang kalebu folklor setengah lesan yaiku, sandhiwara rakyat (kethoprak, ludrug, wayang), lan (3) folklor dudu lesan (*artifact*), folklor iki debedakake dadi loro, yaiku folklore *material* kayata panganan, piranti, obat-obatan lan folklor kang ora awujud *material* kayata musik, basa isyarat lsp.

Konsep Legenda

Miturut Danandjaja (1984: 66) legendha yaiku carita prosa rakyat, kang dianggep dening wong kango nduweni carita minangka kadadean kang satemene dumadi. Legendha nduweni sipay sekuler (*duniawi*), dumadine ing jaman kang durung suwe, lan panggonane ing donya kaya kang kita kenal saiki. Legendha uga diarani minangka sejarah (*folk histori*). Legendha biasane nduweni sipay *migratoris* yaiku bisa ngolah-ngalih sahingga bisa dikenal dening masyarakat ing dhaerah-dhaerah kang beda.

Miturut Dundes (sajrone Danandjaja 1984: 67) legendha diperang dadi patang kelompok, yaiku (1) legendha keagamaan (*religius legend*), (2) legendha alam gaib, (3) legendha ngenani pridadhi tartamtu (*personal legend*), (4) legendha ngenani dhaerah tartamtu.

Konsep Fungsi

Minangka perangan saka folklor lisan, legendha ngandhut pituduh-pituduh ngenani perilaku etis kang kalebu saka perangane kabudayan. Bahan crita sajrone legendha biasane ngenani samubarang kanggo ngebarake perkara lan isine bisa arupa perang, tukar padu.

Legendha bisa tetep urip lan ngrembaka amarga panyengkuyung masyarakat kang nduweni legendha kasebut. Anane legendha bisa digunakake kanggo sarana panyengkuyung supaya norma-norma sosial tansah diugemi dening masyarakat. Mula saka kuwi folklor nduweni fungsi kang penting kanggo ngatur panguripane masyarakat.

Sajroning panliten iki bakal digunakake teori fungsi kanggo nganalisis. Dundes (sajrone Sudikan, 2001:109) ngandharake yen saperangan fungsi foklor kang asipat umum, yaiku (1) mbiyantu sarana pendidikan wong nom (*aiding in the education of young*), (2) ningkatake rasa solidaritas kelompok (*promoting a group's feeling of solidarity*), (3) menehi sangsi sosial utawa ukuman (*providing socialy sanctioned ways for individuals to act superior to or to censure other individuals*), (4) sarana kritik sosial (*as serving a vehicle for social protest*), (5) sarana hiburan (*offering an enjoyable escape from reality*), (6) ndadekake panggawean kang ora malehi dadi dolanan (*converting dull work into play*). Saka teori fungsi

superior to or to censure other individuals), (4) sarana kritik sosial (*as serving a vehicle for social protest*), (5) bisa luwih nyenengake saka kanyatan kang ana utawa hiburan (*offering an enjoyable escape from reality*), (6) ndadekake panggawean kang ora malehi dadi dolanan (*converting dull work into play*). Saka teori fungsi Allan Dundes bisa ngrembaka gumantung masyarakat kang ana ing dhaerah kasebut. Mula bab kasebut bisa diarani *modifikasi fungsi*.

Lelandhesan Teori

Lelandhesan teori iki minangka cara ngolah lan nganalisis data. Prakara kang kapisan ngenani wujude legendha KAMB nggunakake konsep folklor. Miturut Bruvand (sajrone Danandjaja, 1984: 21-22) folklor bisa diperang dadi telu, yaiku folklor lisan (*manifest*), folklore setengah lisan (*sosiofact*) lan folklor dudu lisan (*artifact*).

Teori kang digunakake kanggo njlentrehake fungsi sosial saka panliten legendha KAMB yaiku nggunakake pamawase Allan Dundes, yaiku (1) mbiyantu sarana pendidikan wong nom (*aiding in the education of young*), (2) ningkatake rasa solidaritas kelompok (*promoting a group's feeling of solidarity*), (3) menehi sangsi sosial utawa ukuman (*providing socialy sanctioned ways for individuals to act superior to or to censure other individuals*), (4) sarana kritik sosial (*as serving a vehicle for social protest*), (5) sarana hiburan (*offering an enjoyable escape from reality*), (6) ndadekake panggawean kang ora malehi dadi dolanan (*converting dull work into play*). Saka teori fungsi kang diandharake dening Allan Dundes iku mau bisa ngrembaka gumantung masyarakat kang ana ing dhaerah kasebut utawa bab kasebut bisa diarani *modifikasi fungsi* kang ana ing masyarakat, sabanjure kanggo njlentrehake ngenani kalungguhane legendha ing masyarakat nggunakake teori resepsi miturute Ratna.

METODHE PANLITEN

Ancangan Panliten

Ancangan kang digunakake sajroning panliten iki asipat kualitatif deskriptif. Panliten kualitatif yaiku sawijining ancangan panliten kang ancane kanggo menehi cathetan-cathetan saka tandhane samubarang kang dititi kanggo ngasilake data-data aktual lan akurat. Masalah kang ana ing panliten kualitatif iki asipat durung mesti lan bakal bisa owah sawise panliti ana ing lapangan (Sugiyono, 2011:205).

Panliten kualitatif iki gegayutan karo interpretasi panliti lan nduweni upaya ngandharake makna objek sing dirembuk ing panliten. Metode iki kanggo nggambareake kasunyatan-kasunyatan saka objek saengga bisa antuk asil kang bener lan pener. Pendekatan *kualitatif* mujudake jinis panliten analisis isi kang akeh-akehe arupa dheskripsi (Moleong, 2005:4).

Objek lan Papan Panliten

Papan panliten iki manggon ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo.

Objek saka panliten iki, sastra lisan kang awujud legendha KAMB. Objek iki dipilih amarga (1) sangertine panliti legendha KAMB durung tau ditliti, (2) legendha KAMB kasebut nganti saiki isih dipercaya dening masyarakat Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo, (3) panliti ngrasa yen legendha kasebut perlu dislametake, diopeni, lan dilestarekake kanggo nuwuhake rasa melu nduweni kabudayan kasebut lan kabudayan kasebut minangka salah sijine idhentitas salah sawijining dhaerah.

Data lan Sumber Data

Sumber data kaperang dadi loro yaiku sumber data *primer* lan sumber data *skunder*. Sumber data *primer* yaiku sumber data kang asale saka *objek* kang diteliti, lan sumber data *skunder* yaiku sumber data kang asale saka njaba sasaran panliten. Sumber data *primer* ing panliten iki yaiku legendha KAMB, lan sumber data *skunder* yaiku para informan kang mangerteni legendha KAMB. Data kang ana sajrone objek panliten legendha KAMB, yaiku kang arupa wujude carita, fungsi sosial, lan kalungguhan legendha kasebut tumrap masyarakat.

Tatacara Nemtokake Informan

Informan miturut Danandjaja (1984, 196), yaiku wong sing menehi katrangan utawa informasi ngenani kedadeyan kang ana ing papan panggonan. Wewaton informan yaiku, (1) umure kurang luwih 40 tahun, (2) masyarakat asli dhaerah kasebut, (3) nduweni kaprigelan ing babagan crita, lan (4) ngerti kabudayan dhaerah.

Sudikan (2001,91) ngandharake yen informan kunci, yaiku wong kang wigati menehi informasi ngenani panaliten. Wewaton-wewaton saka informan kunci kasebut yaiku, (1) wong kang ngalami kadadeyan sing nduweni gegayutan karo objek iku, (2) umure wis pas, (3) sehat jasmani lan rohani, (4) nduweni sipat netral, (5) wong sing kagolong tokoh masyarakat, (6) wong kang nduweni kawruh kang jembar.

Tatacara Nemtokake Instrumen Panliten

Instrumen panliten miturut Sugiyono (2011:102), yaiku piranti kanggo nliti ngenani kedadiyan lan solah bawane manungsa. Panliten tumrap legendha KAMB kalebu panliten lapangan. Akeh bab kanggo nyengkuyung panliten kuwi. Salah sawijining kang digunakake panliten yaiku *instrumen* panliten. Babagan *instrumen* panliten iki yaiku panliti dhewe.

Anane *instrumen* panyengkuyung liyane uga bisa nambahi cethane data tumrap panliten. Wujud saka *instrumen* panyengkuyung kuwi, yaiku : 1) alat rekam (*handphone*), kanggo ngrekam swarane informan, 2) piranti nulis (buku, pulpen), kanggo nyathet bab kang wigati nalika nindakake panliten, 3) daftar pitakonan kanggo para informan, 4) kamera digital kanggo njupuk gambar kahanan kang gegayutan karo objek panliten.

Tatacara Pangumpulaning Data

Sajroning panliten kualitatif teknik pangumpulaning data kang utama yaiku *observasi*, *dokumentasi*, lan *wawancara*. Teknik pangumpulaning data ing panliten iki yaiku :

Observasi

Teknik *observasi* salah sajine metode panliten ilmiah kang paling cocog digunakake ing bidang ilmu sosial. Miturut Danandjaja (1984: 197) *observasi* yaiku ngingeti utawa ngamati kedadean kanthi nggambareke kasunyatan kaya apa kang diingeti. *Observasi* sajroning panliten ora mung saka apa kang diingeti nanging uga pengalaman kang diduweni saka pangrasa panca driya, kayata: pangrungu lan sapanunggalane. Kaunggulane saka teknik *observasi* yaiku, kanthi teknik *observasi* panliti bisa melu ngrasakake apa kang ana ing lapangan. Kekurangan saka teknik iki yaiku, anggone nliti ora gampang amarga kudu wis ana suwe ing panggonan panliten.

Miturut Sugiyono (2011: 226-228) teknik *observasi* diperang dadi telu yaiku : (1) *observasi partisipasi*, (2) *Obsevasi terus terang* utawa *tersamar*, (3) *Observasi tak berstruktur*. Sajrone panliten legendha KAMB iki nggunakake observasi *Obsevasi terus terang* utawa *tersamar* lan *Observasi tak berstruktur* kanthi cara kasebut kaanggep bisa menehi data panliten iki. Saka teknik *observasi* iki bisa diasilake ngenani kahanan lan kasunyatane legendha KAMB.

Wawancara

Interview utawa wawancara, yaiku guneman kanthi maksud lan ancas kang tinamtu. Guneman iku katindakake dening rong pihak, yaiku antarane tukang wawancara, kang menehi pitakonan lan kang sing diwawancarai, kang aweh wangsan jawaban minangka pitakonan kang wis diwenehake mau (Moleong, 2005: 135).Teknik wawancara kang digunakake sajroning panliten iki yaiku, (1) Wawancara terstruktur, lan. (2) Wawancara kang ora terstruktur,

Dokumentasi

Dokumentasi kanggo ngupadi data-data ngenani bab-bab utawa *varian* kang arupa cathetan, transkrip, buku, surat kabar, kalawarti, prasasti, notulen, rapat, legger, agenda lan liya-liyane (Arikunto, 2010:201).

Teknik *dokumentasi* iki digunakake kanggo mangerteni gambaran umum ngenani lokasi, informan lan bukti-bukti liyane kang selaras karo panliten iki sahingga data kang ana bisa luwih dipercaya. Uga menehi gambaran umum ngenani dokumen utawa data kang wis dikumpulake saka lapangan.

Rekaman

Rekaman yaiku tipet utawa kesan saka samubarang kang wis diucapake utawa ditulis (Poerwadarminta, 1984:187). Teknik *rekam* iki katindakake supaya antuk katrangan saka *informan* ngenani legendha KAMB. Saka teknik rekaman iki bisa ngrekam sakabehe informasi kanthi jangkep.

Rekaman iki digunakake kanggo mangerten ikanthi cetha apa wae kang dadi pamawase informan. Apa kang diandharake dening informan direkam supaya data kang ana ora salah lan cocog karo kang diomongake para informan. Mula saka kuwi, data kang ana bisa luwih jangkep.

Cathetan

Cathet yaiku nulis samubarag kang dianggep wigati lan minangka pangeling-eling. Bab kang perlu dicathet yaiku sakabehane kang dianggep wigati lan ana sambung rakete karo panliten kang itindakake. Sajrone panliten iki bab kang dianggep wigati kayata, tanggal rekaman, panggonan rekaman, data ngenani informan (jeneng, umur, jenis kelamin, penggawean, pendidikan, basa kang dimangerti).

Kuesioner

Miturut Arikunto (2006:151), kuesioner yaiku pitakanan tinulis kang digunakake kanggo nggoleki informasi saka responden. Jinis-jinise kuesioner iki ana akeh yaiku, kuesioner tinarbuka, kuesioner tinutup, kuesioner langsung, kuesioner ora langsung, kuesioner pilihan gandha, kuesioner *esai*, kuesioner *check list* lan kuesioner *rating scale*.

Saka sakabehing jinis kuesioner kasebut, panliten iki nggunakake kuesioner tinutup. Yaiku kuesioner kang wangslane wis cumepak kanggo mangerten iku kawruhe bebrayan marang legendha KAMB.

Teknik Transkrip Data

Miturut Hutomo (1991:6) tatacarane transkrip data, yaiku (1) transkrip kanthi cara kasar, swara kang ana ing rekaman ditulis tanpa ngowahi hurup lan tandhane, (2) transkripsi kasar iku mau banjur ditranslitake, (3) sawise iku, panliti miwiti anggone nyusun asil wawancara, (4) sawise asil saka transkripsi wis rampung, banjur bisa ditulis awujud teks.

ANDHARAN ASILING PANLITEN Kahanan lan Wilayah Desa Tegalsari

Data kang ngandharake ngenani data pendhudhuk utawa data etnografi sajroning panliten sastra lisan kuwi wigati banget kango panliten. Data etnografi bisa menehi gegambaran ngenani kahanane pendhudhuk kayata, ngenani pakaryane pendhudhuk, ngenani tingkat pendhidhikane pendhudhuk, ngenani ekonomine pendhudhuk, lan ngenani agama kang dianut pendhudhuk.

Desa Tegalsari minangka sawijine padesan kang manggon ing Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo. Desa Tegalsari manggon ing sisih lor Kecamatan Jetis watara 1,5 km lan watara 13 km sisih kidul saka kutha Ponorogo. Desa Tegalsari sisih lor wewatesan karo Desa Jabung lan Desa Gandu kalorone manggon ing Kecamatan Mlarak. Sisih kidul wewatesan karo Desa Jetis lan Desa Wonokerto. Sisih wetan wewatesan karo Desa

Mojorejo lan Desa Karanggebang. Sisih kulon wewatesan karo Desa Wonokerto.

Desa Tegalsari nduweni amba kurang luwih 205.000 ha. Desa Tegalsari luwih trep yen lemahe ditanduri pari, amarga lemah ing wilayah Desa Tegalsari kagolong lemah kang subur, lan banyu kanggo nyukupi tanduran pari uga akeh. Saliyane nandur pari pendhudhuk Desa Tegalsari uga nandur palawija. Urip bebrayan ing Desa Tegalsari wis kagolong *modern*. Papan kanggo omah diwangun saka bata. Ora ana omah kang diwangun saka kayu. Listrik ing desa wis suwe ana lan saluran telpon uga wis ana. Dalan desa awujud dalam aspal lan dalam *paving*. Desa Tegalsari kalebu desa kang manggon ing dhaerah kang *strategis*, amarga Desa Tegalsari manggone ora adoh saka pusate Kecamatan jetis. Kanggo menyang Kabupaten uga ora pati adoh mung watara 15 menit yen nggunakake kendharaan pribadhi.

Cacahe Pendhudhuk

Miturut data kependhudhukan, cacahe pendhudhuk Desa Tegalsari yaiku 1.905 jiwa. Wong priya ing Desa Tegalsari iki cacahe ana 922 jiwa lan wong wanita 983 jiwa. Pendhudhuk Desa Tegalsari kaperang dadi 525 KK (kepala keluarga).

Pendhidhikan Pendhudhuk

Pendhidhikan ing Desa Tegalsari wis kagolong maju tinimbang ing jaman biyen. Kahanan kaya mangkono kuwi amarga kesadharane masyarakat kang wis gelem nyekolahake anak-anake, lan nganggep yen pendhidhikan kuwi penting kanggo kemajuan. Masiya ana wong kang ora sekolah utawa ora lulus Sekolah Dasar biyasane kuwi pawongan kang nduweni umur wis tuwa. Amarga ing jaman biyen miturute pendhudhuk anane pendhidhikan ora penting lan ora ana gunane.

Desa Tegalsari uga nduweni *fasilitas* umum kanggo nyengkuyung majune pendhidhikan. *Fasilitas* umum kasebut kayata, sekolah-sekolah kang ana ing Desa Tegalsari wiwit saka *Play Group*, Madrasah Ibtidaiyah Diniyah, SD Tegalsari, Madrasah Tsanawiyah Ronggo Warsito, lan Madrasah Aliyah Ronggo Warsito. Fasilitas kanggo nyengkuyung majune pendhidhikan ing Desa Tegalsari kagolong jangkep. Pendhudhuk bisa kepenak yen pengin sekolah saengga ora perlu adoh-adoh saka Desa Tegalsari.

Pakaryan Pendhudhuk

Pendhudhuk Desa Tegalsari paling akeh nyambut gawe dadi petani. Kuwi kabeh amarga saka kahanane alam kang subur. Saliyane kuwi lemah kanggo sawah uga amba. Lemah sawah ambane yaiku 142.000 ha lan ambane sawah tegal 1.146 ha. Asil tani kang utama yaiku pari, nanging ana uga palawija masiya ora akeh kaya asile pari. Saka asil tani kuwi mau, bisa kanggo nyukupi kabutuwane pendhudhuk Desa Tegalsari saben dinane. Ananging ana uga kang dadi pegawe utawa wiraswata. Data

saka arsip desa njlentrehake pakaryan kang dilakoni masyarakat Desa Tegalsari maneka werna.

Kapitayan utawa Agama

Agama Islam kang dianut pendhudhuk Desa Tegalsari ana gegayutane karo legendha KAMB. KAMB yaiku ulama kang misuwur amarga wis babad Desa Tegalsari lan ndadekake Desa Tegalsari misuwur nganti tekan ngendi-endi. Misuwure desa Tegalsari amarga anane pondhok pesantren Tegalsari. Kabeh pendhudhuk Desa Tegalsari nganut Agama Islam.

Kanggo ngibadah, pendhudhuk nggunakake mesjid Tegalsari. Mesjid Tegalsari iki mesjid kang paling gedhe ing Desa Tegalsari lan nduweni nilai sejarah kang onja. Mesjid Tegalsari iki petilasane KAMB kang diwangun ing abad 18. Mesjid Tegalsari uga dadi cikal bakal pangrembakane Agama Islam kang ana ing wilayah Kabupaten Ponorogo.

Gegayutane Gegambaran Desa Tegalsari karo Legenda Kyai Ageng Mohammad Besari

Pendhudhuk ing Desa Tegalsari isih ngugemi kabudayan mliline legendha KAMB. Masiya ing jaman *modern* iki akeh masyarakat kang nengenake kabudayan manca, nanging masyarakat isih nindakake tradhisi, kayata nindakake Ngalap Berkah kanthi nyekar ing makame KAMB. Utamane ing wektu wulan pasa lan arep Ujian Nasional akeh para murid sekolah kang nindakake *dzikir*, donga bareng lan sholat hajad ing mesjid Tegalsari.

Pakaryan ing Desa Tegalsari uga nduweni pangaribawa kang akeh tumrap legendha KAMB. Biyasane wong tani lan buruh tani isih nduweni pamikiran kang durung maju lan isih percaya karo bab ghoib. Kanthi pamikaran kang kaya mangkono bisa ndadekake legendha KAMB tetep ngrembaka sajroning masyarakat. Pakaryan guru bisa menehake piwulangan ngenani kabudayan lokal lan bisa ngenalake crita ngenani legendha marang muride. Kanthi cara mangkono generasi mudha bisa mangerten crita-crita kang ana ing dhaerah-dhaerah. Sawise mangerten crita kasebut dikarepake bisa nuwuhake rasa melu nduweni saengga crita kang ana ora gampang muspra kagerus jaman *modern*.

Babagan agama nduweni daya pangaribawa kang paling onja tumrap legendha KAMB. Agama Islam kang dianut dening pendhudhuk Desa Tegalsari yaiku saka KAMB. Panjenengane dadi wong sepisanan kang menehake piwulang agama Islam marang masyarakat Desa Tegalsari. Panjenengane cikal bakal wong kang nyebarake agama Islam ing tlatah Kabupaten Ponorogo. Desa Tegalsari bisa misuwur amarga agama Islam kang dikenalake dening KAMB. Petilasane uga isih ana nganti saiki yaiku arupa mesjid Tegalsari lan pesareyan KAMB. Petilasa-petilasan kuwi saiki dadi tujuwan wisata religi ing Kabupaten Ponorogo.

Mula saka kuwi anane petilasan-petilasan kasebut bisa nyengkuyung marang anane legendha kasebut.

Wujud Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari

Mohammad Besari nduweni tunggal telu, kang sapisan yaiku Chatib Anom, kang kapindho Ageng Mohammad Besari lan kang pungkasan yaiku Noer Sadiq. Katelune putrane Kyai Anom Besari asale saka Desa Kuncen Caruban. Mohammad Besari lan Noer Sadiq mondhol ing pondhokane Kyai Donopuro nganti patang taun.

“Mohammad Besari iki putra saka Kyai Anom Besari kang asale saka Desa Kuncen Caruban. Mohammad Besari nduweni tunggal telu yaiku Chotib Anom lan adhine yaiku Noer Sadiq. Mohammad Besari lan Noer Sadiq mondhol ing sentono pondhokane Kyai Donopuro nganti patang taun.”(Mohammad Riyono lan Mbah Sujak 13 Februari 2013)

sawise patang taun mondhol Mohammad Besari lan Noer Sadiq pamit kepengin mlaku-mlaku menyang dhaerah Ponorogo. Sawise tekan Desa Mantub Ngasinan, Noer Sadiq ngrasa ngelak. Mohammad Besari nemoni wong kang nduweni degan ijo ing pinggir dalan kang dilewati, yaiku Kyai Noer Salim. Saka kadadean kuwi Mohammad Besari dikenalake lan dijodhohake karo putri mbarepe Kyai Noer Salim. Sawise nenikahan Mohammad Besari lan garwane manggon ing daleme Kyai Donopura. Kira-kira setaun ing daleme Kyai Donopuro, panjenengane diwenehi tegalan lan dikongkon mbabad. Mohammad Besari lan garwane banjur manggon ing tegalan kang diwenehi jeneng Tegalsari. Tegalsari dadi panggonan kang rame lan dadi pondhok pesantren kang misuwur nganti tekan ngendi wae. Tegalsari dadi punjere pangrembakane agama Islam ing tlatah Ponorogo. Mula saka kuwi Mohammad Besari karo para murid-muride lan para warga diwenehi jeneng julukan Kyai Ageng, utawa bisa diarani kanthi cekakan KAMB.

“Mohammad Besari dijodhohake karo putrine Kyai Noer Salim. Kyai Noer salim kuwi dikenal nalika Mohammad Besari mlaku-mlaku lan ngrasa ngelak banjur njaluk degan marang Kyai Noer Salim. Sawise nenikahan karo putrine Kyai Noer salim, panjenengane diwenehi lemah tegalan dening Kyai Donopuro. Mohammad Besari lan garwane manggon ing kono lan papan panggonan kuwi diwenehi jeneng Tegalsari. Wiwit saka kuwi Tegalsari dadi panggonan kang rame. Mohammad Besari madekake pondhok pesantren Tegalsari kang misuwur nganti tekan ngendi wae.” (Bapak Samsudin Mustofa 13 Februari 2013)

KAMB, minangka Kyai kang nduweni budi luhur, nduweni kaluwihan-kaluwihan lan kasekten. Nalika ing tlatah Jawa ana geger amarga tekane rampok saka Cina kang ngrampok kraton

Surakarta. Banjur Sinuhun Kartosura njaluk tulung marang panjenengane supaya nyinkirake prampok saka Cina kasebut. Kanthi sholat hajad panjenengane kasil ngongkon ngalih prampok saka Cina.

“Nalika ana geger ing kraton Surakarta, Sinuhun Kartosura njaluk tulung marang KAMB supaya nyinkirake prampok saka Cina kasebut. Kanthi sholat hajad panjenengane kasil ngongkon ngalih prampok saka Cina”
(Mbah Sujak 13 Februari 2013)

Putrane KAMB kuwi ana sanga lan ana saka Salah sijine putra saka KAMB kang dadi Sultan Selangor Malaysia, yaiku kang asmane Kyai Zainal Abidin amarga kasil menangake sayembara nambani putrine kanjeng Sultan Selangor.

“KAMB nduwe putra sanga. Salah sijine saka putrane kuwi ana sing dadi Sultan Selangor Malaysia, yaiku Kyai Zainal Abidin amarga bisa nambani putrine Sultan Selangor” (Bapak Samsudin Mustofa 13 Februari 2013)

Ana salah sawijine putu saka KAMB yaiku KKB kang marisi lan nerusake kadigjayane pondhok Tegalsari. Nalika pondhok Tegalsari dipimpin dening Kyai Kasan Besari pondhok Tegalsari saya misuwur lan nduweni santri kang akeh.

“Pondhok Tegalsari ngalami masa kadigajan nalika dipimpin dening KKB, yaiku putu saka KAMB. Pondhok Tegalsari tambah miswur lan nduweni santri akeh.” (Mbah Sujak 13 Februari 2013)

KKB ngambahake mesjid kang digawe dening KAMB. Supaya Mesjid iki bisa digunakake kanggo ngibadah lan mulang ngaji para santrine kang saya suwe saya akeh. Mesjid iki nduweni cagak kang cacahé ana 36 lan kuwi kabeh mung saka sak wit jati. Anggone ngedekake cagak-cagak mesjid mung nganggo tangan kang dikeplakake marang kayukayu kasebut. Bedhug kang ana ing masjid kasebut, kagawe saka pange jati yen ditabuh suwarane bisa nganti tekan Kraton Surakarta. Bonggol wit jati iki bisa dienggo lungguh nganti wong 40.

“Mesjid iki nalika jamane KAMB ora gedhe kaya iki. Nanging dening KKB mesjid iki diambahne amarga santri kang mondhol ing tegalsari saya akeh. Cagak saka bangunan mesjid iki cacahé ana 36 kabeh saka sak wit jati. Bedhug kang ana asale saka pang wit jati. Suwarne bedhug bisa nganti kraton Surakarta .” (Bapak Mohamad Riyono 13 Februari 2013)

nalika KKB mimpin Tegalsari panjenengane ngeneake ukum miturut aturan ukum Islam. Jalaran nggawe peraturan sakarepe dhewe. KKB diukum dening Sinuhun Surakarta kanthi diselong utawa dibuang, nanging ora kasil banjur

diukum ing njero mesjid Agung Surakarta. Para santri kang akeh 500 wong ing wulan Mulud ndiukum KKB, ing kono KKB lan para santrine ngeneake sholawatan. Kuwi kang ndadekake putri kraton njaluk dijodhohake karo KKB. nanging ana kang ora setuju. KKB wong kang Sekti bisa ngalahake sedulur saka kraton kang ora setuju. Kasektene kayata, bisa mlaku cepet, cepete ngluwihe wong kang numpak kreta. Nalika dianankake acara kembul bujana ing kraton, adhine sinuhun kang kepengen nantang yaiku kanthi cara ndadekake pitik kang dadi lawuh dadi pitik urip banjur KKB njupuk saputangan lan dadi luwak mangan pitik.

“Nalika mimpin Tegalsari KKB ngeneake ukum Islam kang ora disetujoni dening Sinuhun Surakarta lan Kyai Kasan Besari diselong utawa diguwak amarga ora kasil banjur diukum ing njero mesjid Agung Surakarta. Nalika diukum, KKB ditiliki santrine Ana salah sijine putri Kraton Surakarta kang seneng marang KKBlan akhire dadi garwane. Senenge kuwi nalika KKB lan santrine ngeneakeperjanjen utawa sholawata, swarane KKB apik, nanging ana sedulur Kraton kang ora sarujuk marang nenikahane KKB. Panjenengan ditantang lan ngetoake kasektene, kasektene kayata bisa mlaku cepet, kang cepete ngluwihe wong kang numpak kreta” (Bapak Samsudin Mustofa 13 Februari 2013)

Mula saka mangerten iku kasektene KKB putrane Tumenggung Tjokronegoro kang asmane Bagus Burhan diterake menyang Tegalsari supaya bisa dadi muride KKB. Bagus Burhan kagolong murid kang nakal gawene ngajak para santri adu jago lan dolanan dhadhu. Bagus Burhan diukum didhawuhi pasa 40 dina kanggo buka mung diolehi mangan gedhang siji lan tapa melek ing kali Keyang. Kanthi pasa lan tapa kasebut, Bagus Burhan bisa nguwasan ilmu kaya kang dikarepake dening KKB. Sawise rong taun banjur Bagus Burhan diterne menyang Kraton Surakarta, ing kono Bagus Burhan diangkat dening Sinuhun dadi pujangga Kraton lan diwenehi jeneng Raden Ngabehi Ronggowarsito. Raden Ngabehi Ronggowarsito dadi pujangga Jawa kang sapisanan sarta paling misuwur.

“Pondhok pesantren Tegalsari iki nduweni murid kang akeh, lan saka murid-muride kasebut ana muride kang paling misuwur, yaiku Bagus Burhan. Bagus Burhan dipondhokake karo ramane yaiku Tumenggung Tjokronegoro, dheweke kepengin antuk ilmu saka KKB. Sawise mondhol saka Tegalsari Bagus Burhan diangkat dadi Pujangga Jawa kang paling misuwur lan dikenal kanthi jeneng Raden Ngabehi Ronggowarsito.”(Bapak Mohammad Riyono 13 Februari 2013)

Silsilah Kyai Ageng Mohammad Besari

Miturut salah sijine informan ngenani silsilah KAMB yaiku panjenengane isih kagolong keturunan saka Sunan Ampel. Bab kuwi bisa dimengerten i saka andharan wawancara marang Bapak Riyono ing ngisor iki:

“Sunan ngampel utawa Raden Rahmad nduweni putra yaiku Raden Satmoto utawa Kyai Ngarobi. Raden Satmoto utawa Kyai Ngarobi nduweni putri Ny. Anom Besari lan nduweni anak telu salah sijine yaiku KAMB. (Wawancara Bapak Mohammad Riyono 15 Februari 2013)

Saliyane kagolong keturunan saka Sunan Ampel, KAMB uga isih kalebu katurunan saka Prabu Brawijaya. Bab kasebut bisa dimengerten i saka cuplikan wawancara marang informan Bapak Riyono ing ngisor iki :

“Silsilah KAMB yen dideleng saka Kerajaan Majapahit kaya mangkene, Prabu Brawijaya nduweni putra yaiku Ratu Jenggala Kediri lan nduweni putra sing pungkasana yaiku Pangeran Demang. Pangeran Demang nduweni Putra Raden Demang nduweni putra Kyai Ageng Ngabdul Mursad Tukum Kediri. Kyai Ageng Ngabdul Mursad nduweni putra Kyai Anom Besari yaiku Bapak saka KAMB. (Wawancara Bapak Mohammad Riyono 15 Februari 2013)

Saliyane mesjid, uga ana petilasan kang arupa pesareyan KAMB kang manggone ing mburine mesjid Tegalsari. Pesareyan iki isine pesareyan-pesareyan saka kulawargane KAMB. Mesjid Tegalsari nduweni bentuk kang beda karo mesjid-mesjid liyane kang ana ing jaman saiki. Saliyane umure kang wus tuwa jalaran dibangun ing abad 18. Wujud mesjid iki nduweni cagak gedhe-gedhe kang cacabe ana 36 lan kagawe mung saka sak wit jati. Bedhug ing mesjid Tegalsari digawe saka pange Jati. Jaman biyen, yen ditabuh swarane bedhug bisa nganti tekan Kraton Surakarta. Bonggol saka wit jati iki bisa dienggo lungguh nganti wong patang puluh, lan kubah mesjid Tegalsari digawe saka lemah lempung.

“Mesjid iki cagake ana 36 kabeh saka kayu kang gedhe-gedhe. Kayukayu iki asale mung saka sak wit jati. Pange wit jati iki digunakake kanggo bedhung lan swarane bisa nganti tekan Kraton Surakarta. Bonggol saka wit jati iki bisa dilungguhi kanggo wong 40. Jaman biyen mesjid Tegal sari iki kagolong mesjid kang keramat.” (wawancara mbah Sujak 15 Februari 2013)

Fungsi Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari Tumrap Masyarakat Desa Tegalsari Mbiyantu Sarana Panggulawenthah Marang Wong Nom

legendha KAMB didadekake salah sijine kebanggaan saka Kabupaten Ponorogo minangka aset budaya kang nduweni nilai adiluhung. Petilasan saka legendha iki kang arupa mesjid Tegalsari didandani supaya tetep ana. Kanthi cara kasebut para mudha bisa ngenal sarta mangerten i wujud lan sejarah saka petilasan legendha KAMB.

Mesjid Tegalsari dibangun ing abad 18. Mesjid Tegalsari iki wis didandani supaya ora rusak lan tetep ana. Kanthi mangokono anane mesjid iki tetep bisa dimangerten i dening para mudha lan dadi bukti anane legendha KAMB..” (Bpk Mohammad Riyono 15 Februari 2013)

Legendha minangka sarana panggulawenthah jalaran ngandhut piwulang-piwulang becik kang ana ing crita legendha KAMB bisa digunakake kanggo menehake pesen-pesen moral marang para generasi mudha.

Crita KAMB menehi piwulang-piwulang becik kang bisa digunakake kanggo teladhan ing urip bebrayan. Conto-contone kayata tansah nglakoni printahe Gusti, sabar, seneng tulung tinulung, lan dadi pemimpin kang adil.”(Bpk KH Samsudin Mustofa 15 Februari 2013)

Sarana Ningkatake Rasa Solidaritas Sosial

Crita legendha KAMB ana gegayutanane karo fungsi ningkatake rasa solidaritas sosial ing masyarakat. Rasa solidaritas sosial kang ana yaiku, pakulinan-pakulinan nalika nglakoni ngibadah sholat ing mesjid Tegalsari kanthi cara jamaah. Saliyane kuwi anane mesjid digunakake dening para warga kanggo ngumpul nalika ana babagan kang kudu dirembag ing masyarakat nalika ana kagiyatan-kagiyatan kanggo mengeti dina-dina penting kanggo agama Islam mesthi manggon ing mesjid Tegalsari.

“wiwit jaman mbiyen nganti saiki gunane mesjid iki kanggo sholat jamaah para warga, kanggo ngaji. Ing jaman mbiyen biasane yen ana klumpukan manggone ing mesjidi.” (Mbah Sujak 13 Februari 2013)

Sarana Kritik Sosial

Rehab mesjid Tegalsari iki pancen perlu, nanging ajo nganti ngowahi wujud asli saka mesjid kasebut. Wujud asli saka mesjid Tegalsari kasebut kudu dijaga, amarga mesjid kasebut dadi bukti sejarah pangrembakane agama Islam ing Kabupaten Ponorogo. Saliyane dadi bukti sejarah, mesjid kasebut uga mujudake salah sijine warisan kabudayan. Kanthi mangkono crita lisan kang ana gegayutanane karo petilasan kasebut bisa tansah kajaga.

“Mesjid iki wis didandani, nanging sing digetuni saka rehab mesjid iki ana saperangan panggonan mesjid kang diowahi saka wujud asline.”

(Bpk Samsudin Mustofa 15 Februari 2013)

Sarana Panglipur

Legendha-legenda iki digunakake kanggo dongeng wong tuwa marang anak putune utawa biyasane dicritakake guru marang murid. Saka legendha KAMB sing bisa narik kawigatene wong-wong yaiku ngenani petilasan mesjid Tegalsari kang umure wis tuwa banget nanging isih bisa tetep ana nganti tekan saiki. Saliyane kuwi nilai sejarah kang ana ngenani mesjid Tegalsari uga dadi salah sijine alesan bisa narik kawigatenan marang legendha KAMB.

“Crita KAMB nalika jaman cilikanku nganti saiki didadekake dongeng nalika arep turu, lan nalika podho dolanan didongengi crita KAMB.”

(Mbah Sujak 13 Februari 2013)

Sarana Ngupadi Katentreman Batin

Wong kang padha *ziarah* ing pasareyane KAMB nduweni tujuwan kanggo nggolek katentremaning batin, njaluk pituduh dalam kanggo mecahake masalah kang ana ing urip. Wong-wong iki isih percaya marang samubarang kang ghoib lan golongan kang ngenut agama Islam abangan. Njaluke pepinginan biyasane kanthi nyekar ing makame KAMB.

“wong sing mrene iku tujuwane mesti njaluk pepinginan sing biasane yaiku nggolek katentremane batin. Wong sing sumpek njaluk petunjuk kanggo ngebarake masala supaya ati krasa adhem ayem. Biyasane wong-wong iki ndongo ing pesareyane KAMB, uga nganti direwangi nginep ing kono.” (Mbah Sujak 13 Februari 2013)

Sarana Ndedonga lan Ngibadah

Wiwit jaman biyen nganti saiki bangunan mesjid iki digunakake kanggo nglakoni ngibadah. Saliyane kuwi akeh masyarakat kang percaya yen ing mesjid kasebut bisa kanggo nggolek hidayah utawa ngalap berkah. Apa maneh ing wulan pasa akeh wong ndedonga ing mesjid kasebut. Wayah Ujian Nasional akeh para murid kang ngeneake *dzikir*, ndonga bareng lan sholat hajat.

Biasane sing mrene kuwi saliyane *ziarah* ing pesareyane KAMB uga nindakake sholat, ngaji ing njero mesjid.” (Mbah Sujak 13 Februari 2013)

Sarana Kanggo Nguri-uri Kabudayan

Anane legendha KAMB uga bisa kanggo sarana nguri-uri kabudayan Jawa kang awujud crita rakyat. Kanthi mangkono bisa kanggo ningkatake rasa nasionalisme minangka idhentitas *kebanggaan* dhaerah supaya ora muspra kagerus crita manca kang tansah disenengi para generasi mudha. Legendha KAMB dikenal ora mung dening para warga Desa Tegalsari nanging uga warga kang ana ing tlatah Kabupaten Ponorogo.

“Nganti tekan saiki crita ngenani KAMB tetep dikenal masyarakat, mula saka kuwi bisa dadi cara kanggo nglestarekake crita iki.”

(Bpk Samsudin Mustofa 15 Februari 2013)

Kalungguhan Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari Tumrap Masyarakat Desa Tegalsari

Masyarakat kang Percaya Marang Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari

Adhedhasar angket kang wis disebar ing masyarakat Desa Tegalsari, saka 30 angket sing wis disebar, ana 87 % sing percaya ateges saperangan gedhe mangerteni legendha KAMB. Kapitayan masyarakat karo legendha kasebut ndadekake legendha kasebut isih tetep ana nganti tekan saiki.

Masyarakat kang Ora Percaya Marang Legendha Kyai Ageng Mohammad Besari

Adhedhasar angket kang disebar lan miturute para informan cetha yen akeh masyarakat kang percaya marang legendha KAMB, nanging uga ana saperangan masyarakat kang ora percaya marang legendha kasebut. Masiya cacahe luwih setithik tinimbang masyarakat kang percaya. Masyarakat kang ora percaya amerga anane masyarakat sing wis nduweni pamikiran kang maju, amarga tingkat pendhidhikane wis dhuwur. Saperangan masyarakat kasebut wis ora percaya karo samubarang kang nduweni sipat gugon tuhon nanging luwih percaya karo samubarang kang bisa dinalar.

PANUTUP

Dudutan

Adhedhasar asiling panliten ngenani legendha KAMB ing Desa Tegalsari Kecamatan Jetis Kabupaten Ponorogo ngasilake dudutan, yaiku ngenani wujud legendha KAMB, fungsi legendha KAMB tumrap masyarakat, Fungsi kasebut miturut pamawase Allan Dundes, nanging ora kabeh pamawase Allan Dundes salaras karo kanyatan kang ana ing masyarakat Desa Tegalsari. Mula saka kuwi fungsi-fungsi kasebut bisa luwih ngrembaka utawa bisa diarani *modifikasi* fungsi. lan kalungguhan legendha KAMB tumrap masyarakat.

Pamrayoga

Kabudayan Jawa wiwit kageser kalungguhane bebarengan karo majune ilmu pengetahuan lan teknologi, sarta pangrembakane jaman kang sansaya

modern. Saengga sastra dhaerah uga wiwit dilalekne bebrayan lan luwih seneng karo teknologi kang canggih lan *modern*. Mula saka kuwi perlu anane usaha kanggo nylametake sastra lisan kasebut amrih ora dilalekake bebrayan. Kanggo nylametake sastra lisan ing dhaerah-dhaerah iku perlu anane upaya penyengkuyung saka pamerintah lan saka masyarakat supaya sastra lisan bisa tetep ngrembaka. Anane panliten iki minangka sarana kanggo nglestarekake crita dhaerah kasebut lan supaya crita kasebut tetep ngrembaka ing atine bebrayan awit bocah cilik nganti wong enom.

DAFTAR PUSTAKA

- Arikunto, Suharsimi. 2010. *Prosedur Penelitian Suatu Pendekatan Praktik*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta : Pustaka Grafiti.
- Hutomo, Suripan Sadi. 1991. *Mutiara yang Terlupakan*. Surabaya: Hiski.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- . 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta
- Moleong, Lexy J. 2005. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Remaja Rosdakarya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Subroto, Danu dan Soejarwo Galoeh (Penyunting). 1987. *Sejarah Kyai Ageng Mohammad Besari*. Buku Tidak Diterbitkan. Jakarta.
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Sastra Lisan*. Surabaya: Citra Wacana.
- . 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress
- Sugiyono. 2011. *Metode Penelitian Kuantitatif Kualitatif dan R&D*. Bandung: Alfabeta
- Sukarman. 2005. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Buku Tidak Diterbitkan. Surabaya : Universitas Negeri Surabaya.
- Tim Balai Bahasa Yogyakarta. 2009. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Kanisius.
- Widayati, Sri Wahyu. 1992. "Modul Langkah-Langkah Penelitian Sastra Lisan". Modul Tidak Diterbitkan. Surabaya: Institut Keguruan dan Ilmu Pendidikan Surabaya.

